

2006



SUPPLEMENTAL SECURITY INCOME (SSI) REVNI SEKIRITE SIPLEMANTÈ Dwa Ak Responsabilite Projektè Briyan

Ou gen dwa:

KI DWA PA OU?

- Aplike pou ou resevwa benefis, gratis;
- Jwenn èd nou pou ou ranpli fòm aplikasyon yo, epi jwenn dokiman ou bezwen yo.
- Fè yon moun ede ou avèk reklamasyon Revni Sekirite Siplemantè ou la (SSI) epi fè moun sa a ale avèk ou lè ou ap vizite biwo lokal Sekirite Sosyal la (SSA);
- Fè yon avoka oubyen yon lòt moun ou chwazi reprezante ou;
- Mande pou ou wè enfòmasyon ki nan dosye ou;
- Jwenn yon lèt ki va di ou kisa nou detèmine sou ki valè kòb ou ka resevwa, avèk kisa nou pral peye ou.
- Ale nan kou d Apèl konsènan pi fò detèminasyon Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) pran konsènan desizyon si ou ka resevwa Revni Sekirite Siplemantè (SSI), oubyen valè Revni Sekirite Siplemantè a (SSI), si ou pa ta dakò avèk detèminasyon nou an;
- Jwenn èd yon entèprèt, gratis, si ou pa pale anglè ase pou ou regle zafè ou avèk nou;
- Jwenn èd nou pou ou ka jwenn dosye medikal ou;
- Jwenn kopi loua yo, ak regleman yo oswa deklarasyon prensip yo itilize nan desizyon demann ou a.



Ou dwe di nou lè:

KI RESPONSABILITE PA OU?

- Ou deplase oubyen ou chanje adrès.
- Ou mete nenpòt moun an plis nan kay ou oubyen ki kite kay ou.
- Revni ou oubyen salè ou chanje.
- Gen chanjman nan resous ou oubyen nan sa ou posede.
- Ou resevwa èd pou kouvri depans ou fè pou ou viv oubyen si ou resevwa kichòy nan men zanmi oswa fanmi.

- Mari ou oubyen madanm ou oubyen nenpòt moun lakay ou mouri.
- Ou marye, separe oubyen divòse.
- Ou chanje non ou.
- Ou vin elijib pou lòt benefis oswa peman.
- Ou ap viv nan yon enstitisyen oubyen ou kite yon enstitisyen (tankou yon lopital, kay retrèt pou gramoun, prizon).
- Ou kite Ozetazini oubyen ou retounen Ozetazini.
- Genyen yon manda arrestasyon kont ou pou yon krim, oswa pou yon krim out e eseye fè, ki se yon krim grav men nan zòn kote ou viv la pou konsidere tankou yon feloni (krim grav) yon krim ke lalwa pini pa lanmò, oubyen pa prison ki depase yon lane; oubyen ou genyen yon manda arrestasyon kont ou paske ou viole youn nan kondisyon libète kondisyonel ou;
- Ou se yon imigran yo te parene epi revni parenn ou chanje.
- Genyen yon chanjman nan aktivite lekol (si ou pi jèn ke laj 22 lane).
- Ou se yon imigran ki gen yon sipòtè epi revni sipòtè ou chanje
- Kondisyon sante ou amelyore, si ou resevwa Revni Sekirite Siplemantè akoz ou malad/enfimn oubyen avèg.
- Ou pa kapab kenbe randevou ou genyen avèk biwo nou.

Sonje

- Si li vin enposib pou ou dirije lajan ou, ou dwe rapòte sa bay Sekirite Sosyal.
- Nap ba ou sèvis entèprèt gratis lè ou mande sa, pou ou ka regle zafè Sekirite Sosyal ou. Silvouplè rele nou anvan, pou yon moun ki pale lang ou pale a kapab la an dispozisyon pou ede ou. Ale nan SSI Spotlight (Projektè briyan) konprann SSI - Projektè briyan nan dwa ak responsabilite nan Sèvis Entèprèt.
- Ou menm avèk reprezantan ou dwe bay sèvis Sekirite Sosyal enfòmasyon ki egzat. Li pa legal pou ou bay fo enfòmasyon volontèman lè ou konnen enfòmasyon an fo.
- Ou dwe di Administrasyon Sekirite Sosyal tout kote ou te resevwa tretman medikal lè aplikasyon ou a baze sou yon maladi/enfimite ou genyen.

-
- Jeneralman, ou gen 60 jou pou ou fè Administasyon Sekirite Sosyal konnen si ou vle ale nan kou d Apèl sou yon desizyon ou pa dakò.
 - Nan ka ou ta mouri, yon manm fanmi ou oubyen yon zanmi fêt pou avèti Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA).



Fèy sa a bay yon esplikasyon rapid epi jeneral sou dwa ak responsablite Revni Sekirite Siplemantè ou. Nou pa vle di pou enfòmasyon an kouvri tout pati lalwa yo. Pou enfòmasyon espesifik sou ka pa ou, kontakte Sekirite Sosyal.

Pou Plis Enfòmasyon

Silvouplè vizite oubyen ekri biwo Sekirite Sosyal, oswa telefònè gratis nan nimewo 1-800-772-1213. Ou kapab pale avèk yon reprezantan a 7è a.m. jiska 7è p.m. nan jou biznis. Nenpòt lè ou rele, pare nimewo Sekirite Sosyal ou.

Gen enfòmasyon anrejistre ansanm avèk sèvis ki disponib 24 èdtan chak jou, enkli wikkenn ak jou konje.

Si w kontakte biwo nan zòn ou oswa si w rele nou gratis nan sèvis nimewo 1-800 epi si w bezwen yon entèprèt pou kominike avèk nou, n ap ba ou youn gratis depi w fè demann lan.

Si ou gen yon machin "TTY", ou kapab rele nimewo "TTY" gratis nou an, 1-800-325-0778, a 7è a.m jiska 7è p.m.

Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite—oswa yo fèt nan nimewo gratis nou yo oubyen nan youn nan biwo lokal nou yo. Nou vle asire ou resevwa enfòmasyon ki egzat epi sèvis ak jantiyès. Se rezon sa a ki fè nou gen yon lòt reprezantan Sekirite Sosyal k'ap sipèvize tout apèl telefòn k'ap antre epi kap sòti.

Ou kapab vizite paj elektwonik nou sou Entènèt:
www.socialsecurity.gov pou lòt sijè ki gen rapò ak Revni Sekirite Siplemantè oswa Sekirite Sosyal tanpri ale nan wèbsayt nou www.socialsecurity.gov/multilanguage sou Entènèt la, epi chwazi "Haitian-Creole"

ENFÒMASYON SA YO JENERAL.

POU PLIS ENFÒMASYON, RELE 1-800-772-1213
(TTY 1-800-325-0778), ALE NAN WÈBSAYT NOU
(www.socialsecurity.gov) SOU ENTÈNÈT, OSWA KONTAKTE
BIWO SEKIRITE SOSYAL KI NAN ZÒN OU.